



CEEC
Commission Épiscopale pour
l'Éducation Catholique

MODIL KOMINIKASYON KREYÒL
(70% NOSYONÈL, 30% DIDAKTIK)

PREMYE NIVO FÒMASYON MÈT

ELABORATÈ: Pwofesè Thony AUGUSTIN

Avril 2013



Entwodiksyon

Kreyòl se premye lang tout Ayisyen pale, sa vle di se lang matènèl yo. Tout nasyon sou late beni soude ak lang li. Kreyòl se sèl lang ki soude tout Ayisyen. Malgre sa, anpil moun deklare kreyòl pa lang paske li pa gen gramè, li pa gen diksyonè ... gen yon bagay moun sa yo pa rive konprann, anvan yon lang ekri se pale li pale dabò. Sa vle di tout lang anvan yo ekri li se fòm oral li pran. Règ yo ap pèmèt nou ekri pi byen toujou.

Pwoblèm ki pi grav, anpil moun ki ap anseye nan lekòl ayisyen an pa fòme pou sa. Yo plis itilize say o te aprann nan lang franse a pou yo anseye kreyòl. Bagay sa amete elèv yon an gwo konfizyon.

Kreyòl te rantre lekòl fondamantal kòm lang objè ak lang zouti ansèyman nan ane 80 yo avèk Refòm Bèna. Anvan Refòm sa a, lekòl te konn fè nan lang franse sitou nan vil yo. Timoun kreyolofòn inileng yo (timoun ki pale sèlman kreyòl yo) t'ap aprann nan yon lang yo te tande pou premye fwa nan lavi yo.

Ajoute kreyòl nan lis disiplin yo anseye lekòl, se prèv ki montre timoun yo kapab reyisi matyè yo pi byen epi aprann pi fasil yon dezyèm lang oubyen yon twazyèm si yo eskolarize (aprann) nan lang manman yo.

Nan sousi pou rezoud pwoblèm ansèyman kreyòl la, pou klere lantèn anseyan yo, pou apwofondi konesans yo, ki gen pou tach dirije elèv yo vè yon bon aprantisaj nou elabore modil sa ki genyen de (2) pati sa yo ladan li :

- Premye pati a li nosyonèl (70%) : sa vle di moun ki ap gen pou yo li modil sa ap jwenn tout eleman nesèsè pou yo aprann nan premye nivo fòmasyon mèt ki ap pèmèt yo anseye
- Dezyèm pati a li gen rapò ak didaktik (30%) : sa vle di teknik ak metòd anseye yo pral itilize pou anseye nosyon sa yo.

Travay sa a reyalize selon pwogram-kad fòmasyon MENFP te elabore nan mwa janvye 2005 la. Nou swete itlizatè modil sa a byen sèvi avè l' nan objektif pou rive amelyore kalite anseyman yo ap bay nan lekòl la.

Thony Augustin, M. Ed.

elaboratè

Pwogram Endikatif

FÒMASYON SOU DIDAKTIK KREYÒL

Dire : 90 zè

Konpetans pou patisipan yo devlope

1 Rekonet plas ak enpòtans kreyòl la kòm zouti anseyman

2 Kominike alèz aloral

3 Li e konprann diferans tip tèks

4 Eksprime bezwen yo alekri

5 Konprann e itilize efikasan mo yo

6 Fòmile e analyze fraz kreyòl yo

Eleman konpetans yo

. Prezante istwa ak enpòtans lang kreyòl la.

. Detèmine orijin epi trase evolisyon kreyòl ayisyen an

. Klarifye kèk konsèp yo itilize nan ansèyman lang

. Aplike règ ekriti kreyòl la kòrèkteman.

Itilize avèk efikasite mo yo aprann nan diferan kontèks

Itilize règ fonksyonman kreyòl la pou fòmile epi analyze fraz.

. Li yon tèks kreyòl avèk ekspresyon.

. Dekouvri mekanism konposisyon yon tèks

. Distenge epi ekri divès tip tèks

Kontni yo

Istwa ak enpòtans li lang kreyòl la

Sitiyasyon istorik, lengwistik ak sosyolojik kreyòl ayisyen an.

Itilizasyon kreyòl la kòm lang objè ak lang zouti ansèyman.

Definasyon kèk konsèp : Lang, Lang matènèl, Lang segonn, lang etranjè. dyalèk, patwa, idyolèk, Sosyolèk...

Istwa òtograf kreyòl ayisyen an.

Peyi kreyòlofòn yo – baz leksikal yo

Etid diferan tip tèks: Tèks naratif, deskriptif, agimantatif.....

Kontni

1. Lang ak sosyete an Ayiti

2. Òtograf

3. Vokabilè

4. Gramè

5. Pwodiksyon ekri

6. Eleman didaktik kreyòl

Premye pati : Lang ak sosyete an Ayiti

Dire : 8 è

Objektif : Prezante istwa ak enpòtans lang kreyòl la

Aktivite 1 : Brennstòmin (Brase lide) sou fòmasyon tout lang ki egziste

Kesyon :

1. Jeneralman, ki jan yon lang pran nesans ?
2. Ki bò mo kreyòl la soti ?

Dire :

Teknik pou animasyon : Brennstòmin (Brase lide)

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

ISTORIK KREYOL AYISYEN AN

A -Jan lang lan fòme

1- Depi de (2) oubyen plizyè ras rankontre epi youn pi fèb pase lòt sa ki pi fèb la toujou vle chache adapte pale l' pou fè l' koresponn plizoumwon ak pale ras ki pae pou pifò a. Lè sa dire lontan se fasil pou yon lòt lang vin kreye.

Se sa ki te pase nan tan lkoloni. Esklav yo te oblije chache adpte pale yo ak pale kolon yo. Pliske kolonizasyon Ayiti a dire lontan. Nou vin jwenn lang kreyòl. Lang kreyòl fòme ak plizyè lang : Franse, Panyòl, Anglè, lang afriken yo menm lang endyen yo. Men lang ki dominen li plis se lang franse a.

B- Ki kote mo « kreyòl » la soti

Mo « kreyòl la soti nan, yon mo potigè yo rele « Crioulo ». An 1481 gran navigatè yo te aktif anpil paske politik Pòtigal te kreye divès koloni an Afrik an Azi, annatandan dekouvèt ak kolonizasyon Lamerik.

Lespay te swiv li pyepoupye nan zafè kolonizasyon. Se konsa Lespay vin kolonize

Ayiti ki an Amerik : Crioulo Pòtigè a vin tounen “Criollo” an panyòl. Lafrans, Langletè, Lawoland t’ap kolonize tou. Se konsa “ criollo” vin tounen Kreyòl.

C- Kreyòl a baz leksikal franse

Kreyòl Ayisyen an se yon kreyòl a baz leksikal franse: sa vle di pi fò mo nan lang nan se sou mo franse yo dekalke yo. Men se pa kreyòl ayisyen an sèlman ki a baz leksikal franse. Nou gen de gran blòk nou jwenn kreyòl a baz leksikal franse:

blòk Amerikano- Karayib, blòk Oseyan Endyen.

Nan blòk Amerikano- Karayib la nou jwenn:

- a) Ayiti, Matinik, Giyan, Gwadeloup, Lwizyan, Ladominik, Mari Galant, Sent Lisi, Trinidad eks.

Nan blòk Oseyan Endyen nou jwenn : Il Lareyinyon, Il Moris, Il Wodrig, Sechèl

Evalyasyon

1. Kòman yon lang rive pran nesans?

2. Kisa mo Kreyòl a baz leksikal franse a vle di?

3. Site de (2) gran blòk nou jwenn kreyòl a baz leksikal franse. Di ki peyi ak rejyon nou jwenn nan de (2) blòk sa yo.

Objektif : Detèmine orijin epi trase evolisyon lang kreyòl ayisyen an

Aktivite 2 : Eksplwatasyon tèks

kesyon sou tèks la:

1. Ki kote kreyòl ayisyen an soti ?
2. Ki enpòtans lang kreyòl la te genyen nan endepandans peyi Dayiti ?
3. Site etap evolisyon lengwistik kreyòl la epi bay karakteristik chak etap sa yo ?

Dire :

Teknik pou animasyon : Travay an gwoup (5) patisipan pou reponn kesyon sou tèks la.

sa pou patisipan an dwe konnen sou orijin ak evolisyon kreyòl ayisyen an.

Orijin lang kreyòl la

Nan Sendomeng, istwa lang kreyòl la, se istwa kolon blan franse ki t'ap dominen, ki te pale franse, mare ak istwa nèg Dafrik ki te pale anpil ti lang. Fòk mèt yo te kominike ak esklav yo. Fòk esklav yo te pale antre yo.

Nou sipoze, nan kousmanman, blan yo te chache fè nèg yo konprann yo vle di ak siy epi nèg tou te eseye aprann franse a, eseye pale l'. Men, piti piti, nan melanj lang franse a ak tout kalite ti lang nèg afriken yo te pale, yon lòt lang pwente : se kreyòl la. Malgre kreyòl la te genyen anpli mo franse ladanl, li pa t' franse. Mèt yo te sèvi avè l lè yo te gbezwen kominike ak esklav yo, pou esklav yo kapab konprann pi fasil lòd yo pase yo. Konsa travay la va fèt pi byen, esklav va bay plis ranman. Pou esklav yo menm se te yon lòt bagay. Kreyòl la ap ranplase tout ti lang yo te pale paske yo te soti nan divès tribi. Yo te pale kreyòl la nèt antre yo. Se lang sa ki pèmèt yo aprann epi konprann anpil bagay nan Sendomeng. Kreyòl la t ap change lavi yo, ni pou tan yo t'ap viv la ni pou aprè. Li te pèmèt yo brase lide yo, pale sou kijan bagay yo ap pase. Ak, kreyòl la, lespri yo ap ouvè epi y'ap rive wè yo tout fè yon sèl nan lamizè ak tribilasyon yo t'ap pase. Konsa, ya rive wè nesosite pou yo genyen yon peyi ki rele yo chèmèt Chè metrès. Konsa, kreyòl se youn nan fondasyon batay pou libète ak endepandans lan.(tèks « Ledikasyon nan peyi Dyiti paj 28)

Evolisyon lengwistik an Ayiti

Nou pa kapab etidye revolisyon lang kreyòl la an Ayiti yonfason isole, li pi saj pou n' ta etidye lanndan yon sistèm lengwistik paske se te yon pakèt lang ki t'ap flannen sou mache Ayisyen an diran sis (6)

syèk epi joukjounen n'ap pale la a.

Tankou nou te di deja, yon lang se yon sistèm men byen sistèm dinamik, an mouvman, k'ap bouje, kip a rete an plas. Se yon pwosesis ki ban nou lang kreyòl sa nou gen la a sa vle di etap pa etap, pa anchènman.

Lang kreyòl la pase pa twa etap yonn deyè lòt anvan nou jwenn sa n'ap ekri la a, sa n'ap pale la a :

1) Te gen moun ki t'ap viv sou zile a. Nou pa ka pase sa sou silans. Panyòl yo te rele yo Endyen paske yo te kwè yo te rive Ozend. Yo te gen yon kilti, koutim yo, mes ki pwòp a yo menm.

Debakman panyòl yo avèk yon kilti diferan, yon sivilisation ki pi avanse pa rapò a pèp ki t'ap viv nan zile sa a, vin enfluyans fòseman kilti pèp sa a. Donk vinn yon gwo kontak ki vinn etabli ant de lang sa yo. Lang endyen y o ak lang panyòl yo. Kontak sa nou rele l **Amerando-Ispanik** se premye etap la.

2) Panyòl yo koumanse ap fè endyen yo fè travay fòse. Sa w tande a yo koumanse mouri. Franse yo vin jalou de dappiyanp kolon panyòl yo ap fe nan zile a, boukanye ak flibitye franse yo koumanse tabli ko yo nan pwent oksidantal zile a,. Se konsa ve lane 1697 apre yon lage ant panyòl ak franse, Pati oksidantal la vinn sou lobedyans franse yo. Panyòl yo menm ale nan pati oryantal peyi a ke nou rele nou rele jounen jodi a Pepiblik Dominikèn se sak fè yo menm yo pale panyòl. Lè endyen yo koumanse ap detwi sou zile a, yo al achte nèg jous an Afrik pou asire relèv la. Pa bliye gen yon lòt kontak linguistik la a. Se dezyèm etap ke nou rele : **Amerando- Hispano- Afriken**.

3) Lè franse yo fin tabli rèy yo nan koloni an, vin gen yon twazyèm kontak linguistik; se twazyèm etap ki rele **Amerando- Hispano- Afro- Franse**de 1697 jouska 1804, ki make dat lendepandans d Ayiti.

Kidonk, Kryòl antan ke lang, li pase twa etap diferan anvan l' rive kote l'ye koulye a ofisyel nan tout biwo leta e menm nan lekòl.

- 1) Premye etap la sedepi lè endyen yo, an 1492, te fè premye rankont ak panyòl yo rive an 1804 dat peyi a granmoun tèt li.
- 2) Dezyèm etap la se depi lendepandans rive jouk premye mwatye 20èm syèk.
- 3) Twazyèm etap la se, nan ane 50 yo rive jouk nan lane 1979 dat ofisyalizasyon lang kreyòl la.

Sentèz aktivite 2 :

Aprè prezantasyon travay chak gwoup animatè a ap itilize tout bon repons yo pou li fè sentèz aktivite a. li ap pran swen l' pou li note

Evalyasyon

1. site dat ofisyalizasyon lang kreyòl la.

3. ki mwayen esklav yo te itilize pou youn konprann lòt ?

4. Poukisa yo di lang kreyòl la enpòtan nan revolisyon ayisyen an ?

Objektif : Klarifye kèk konsèp nan ansèyman lang

Aktivite 3 : Ekspoze-Deba sou definisyon kèk konsèp yo itilize nan lengwistik.

kesyon : kisa yon lang ye ?

Dire :

Teknik pou animasyon : Ekspoze-Deba

Sentèz aktivite 3 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Lang.- Yon lang se yon sistèm siy vèbal ki pwòp a yon ansanm moun ki itilize l' pou kominike e pou pale youn ak lòt. Anpil diksyonè pote yon definisyon ki koresponn a mo lang. Kòm konsèp lengwistik, n'ap kenbe definisyon Andre Martinet a: "Yon lang se yon enstriman kominikasyon selon limenm lòm nan chak kominote fè pwòp eksperyans yo nan nivo kontni semantic ak ekspresyon fonik, monèm epi fonèm yo."

Dyalèk.- Selon diksyonè Larousse : « Dyalèk se yon varyete rejyonal nan yon lang. Peyi Lagrès te gen plizye dyalèk tankou : yonyen, atik, doryen, tankou Lafrans ki te genyen : nòman, pika, bouginyon.

Patwa.- Selondiksyonè Larousse, patwa se yon fòm pale ki pwòp a yon rejyon limite anndan yon dyalèk paregzanp anndan seysyon kominal yo ann Ayiti, nou jwenn plizyè patwa avèk de gran dyalèk nò ak sid.

Pidgin,- Yon melanj de lang fòmè yon pidgin sitou nan aktivite komèsyal san ke li pa lang matènèl okenn moun ki pale l' la. Donk, se lang biznismann tankou Kiraso, Awouba

Sabir.- Se yon sistèm lengwistik ki redui ak kèk règ ki konbine epi yon vokabilè anndan yon repètwa leksikal byen defini. Se yon langaj ki difisil pou konpann : charabya, jagon

Lang matènèl : Premye lang yon moun aprann pa mwayen antouray pandan li timoun.

Lang etranjè : lang yon moun aprann apati yon ansèyman.

Lang segonn : Lang yon moun aprann nan milye familyal oubyen apati yon ansèyman aprè li fin konn pale ang matènèl li.

Lang objè ansèyman : Se yon lang ou aprann lekòl

Lang zouti ansèyman : Se yon lang yo itilize pou fè aprantisaj lòt disiplin

Lengwistik : Se yon disiplin syantifik ki okipe l' de etid lang yo. Li divise an plizyè branch, tankou :

Fonetik: Se fason yo atikile nan lang lan

Fonoloji : Se yon ansanm règ nan lang lan ki eksplike kijan yo fonsyone. Donk, li etidye son yo.

Mòfòloji : Se diferan fòm yon menm tèm, kapab pran lang lan.

Sikolengistik : Li etidye mekanis selon yon menm fonsyònman lang lan enfluyans fonsyonman entelijans an.

Antwopolengistik : Li etidye relasyon ki genyen ant karakteristik lang yon pèp kèlkonk. Panse ak prensipal fòm kiltirèl pèp sa a.

Sosyolengistik : Li etidye rapò ki genyen ant pwoblèm sosyal yo an general ak manifestasyon lang lan tankou paregzanp òganizasyon sosyal yo anndan yon komnote se reflè òganizasyon sa a nan varyasyon lang lan.

Dezyèm pati : Òtograf kreyòl ayisyen

Dire : 12è

Objektif jeneral: Aplike règ ekriti kreyòl la kòrèkteman.

Objektif pou fè aprantisaj : Detèmine son / grafèm ki fòme alfabè kreyòl la.

Aktivite 1 : Brennstòmmin (Brase lide) sou definisyon son, grafèm ak alfabè kreyòl

kesyon :

1. Kisa yon son ye ?
2. Kisa yon fonèm, yon grafèm vle di pou ou ?
3. Kòman ou kapab defini mo alfabè ?

Teknik pou animasyon : Brase lide (Animatè a ap poze patisipan yo kesyon anwo yo ak lòt li jije nesèsè pou pèmèt tout patisipan yo pran lapawòl)

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

SISTÈM ÒTOGRAF KREYOL LA

SON KI GENYEN AN KREYOL

Menmjan ak tout lang, kreyòl la fèt ak son ki diferan yon ak lòt. Son yo kapab konbine pou yo bay yon mo ki egziste nan lang lan. Son : se ond ki ap pwopaje nan lè a ak yon vitès 320mèt pa segonn. Se son sa a, nou rele fonèm. Nan lang kreyòl la, genyen 30 fonèm. Genyen tou 30 grafèm ki reprezante fonèm yo. Sa vle di : yon grafèm pou yon fonèm.

Yon fonèm se yon son ou tande lè ou ap pale.

Yon grafèm se yon siy òtograf ki reprezante fonèm nan lè ou ap ekri.

Kidonk, ou jwenn fonèm nan langaj pale, grafèm nan langaj ekri.

Grafèm nan toujou ekri menm jan nan kreyòl ayisyen an. Gen grafèm ki ekri ak yon lèt: a, e, i..... yo rele yo Monograf

Gen grafèm ki ekri ak 2 lèt : an, en, ou, ch,... yo rele yo Digraf

ALFABE KREYOL LA.

Alfabè kreyòl la genyen 30 fonèm. Lè nou ap ekri, nou ap itilize 30 grafèm sa yo. Men 30 grafèm nan lòd alfabetik:

a, an, b, ch, d, e, e, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, o, ò, on, ou, p, r, s, t, ui, v, w, y, z.

Atansyon ! Pinga nou konfonn lèt ak grafèm.

Nan lang kreyòl la, alfabè a divize an : vwayèl, konsòn, ak Demi-vwayèl oubyen Demi-konsòn. Nou ap rele yo Demi-konsòn piske yo pi pwòch konsòn pase vwayèl.

Evalyasyon

1) Konplete fraz sa yo

- a) Nan alfabè kreyòl la gen.....fonèm.....grafèm.
- b) Prensip fondamantal pou ekri kreyòl ayisyen an se : yonpou yon.....
- c) Alfabè kreyòl la divize an , epi.....

2) Bay sans mo sa yo

Fonèm – son – grafèm – mwatye vwayèl.

3) Site twa (3) digraf , kat (4) mongraf.

Objektif : Detèmine diferan kalite son ki genyen nan alfabè kreyòl ayisyen an.

Aktivite 2 : Travay an gwoup sou vwayèl, konsòn ak demi-konsòn

kesyon :

1. Avèk lis grafèm ki fòme alfabè kreyòl la, divize grafèm yo an vwayèl epi an konsòn.
2. Site : vwayèl oral, vwayèl nazal, vwayèl ekate, vwayèl awondi.
3. Site : konsòn oral, konsòn nazal

Dire :

Teknik pou animasyon : Travay an gwoup 5 patisipan

Animatè a ap mande patisipan yo pou yo mete yo pa senk (5) patisipan epi reponn ak kesyon ki poze nan ribrik kesyon ki anwo a.

Sentèz aktivite 2 :

Kontni pou tout patisipan konnen

VWAYEL YO

Nan lang kreyòl la, genyen 10 vwayèl. Men yo: a, e, i, o, è, e, an, en, ou, on,
Genyen plizyè kalte vwayèl :

- a) **Vwayèl oral:** son an soti nan bouch sèlman : a, e, è, i, o, è, ou
- b) **Vwayèl nazal:** son an soti nan bouch ak nan nen nan menm tan: an, on, en.
- c) **Vwayèl oral ekate:** i, e, è, a.
- d) **Vwayèl nazal awondi:** on

KONSON YO

Nou jwenn konsòn say o an kreyòl:

b, ch, d, f, g, h, j, k, l, m, n, p, r, s, t, v, z.

Konsòn yo divize an:

- a) **Konsòn oral:** h, ch, d, f, g, h, j, k, l, p, r, s, t, v, z.
- b) **Konsòn nazal:** m, n.

Demi konsòn/Demi vwayèl; Demi vwayèl/Demi konsòn

Pi fò son lang, se konsòn oubyen se vwayèl. Mengen de twa son ki yonjan **lamanten**. Pèp la di bèt lanmè sa a gen you bò vyann bèt ak yon bò vyann kochon. Se konsa gen son nan lang kreyòl la ki gen yon bò konsòn ak yon bò vwayèl. Yo rele yo mwaye vwayèl.

Gen 2 nan son sa yo ki parèt souvan an kreyòl, ki fè yo gen anpil enpòtans nan lang lan. Yo soti nan menm ras ak 2 manman vwayèl i ak ou. Men ak ki lèt òtograf la reprezante 2 mwaye vwayèl sa yo: y epi w

Gen yon mwaye vwayèl ki pa fè anpil bwi nan lang lan, men ki la tou Dousman. Se li ki nan kòmansman nimewo uit (8). Nou ekri li ak yon lèt nou ta gen dwa rele ui paske leplisouvan se nan vwazinaj lèt i li parèt : ui goud, uipyas, andui.

Donk 3 mwaye vwayèl yo se : **y, w, ui**.

Evalyasyon

1. Site demi konsòn yo epi jwenn 2 mo pou chak, kote yo ap parèt nan kòmansman, nan mitan ak nan finisman yon mo.

2. Ekri 2 mo ki ekri ak vwayèl nazal awondi sèlman

Objektif : Aplike règ fondamantal ekriti kreyòl la kòrèkteman

Aktivite 3 : Ekpoze patisipativ

kesyon :

1. sou ki prensip yo baze pou ekri kreyòl ayisyen an ?
2. eske òtograf franse a ak òtograf kreyòl chita sou menm prensip pou yo ekri yo ?

Teknik pou animasyon : Ekspoze-Deba

Sentèz aktivite 3 :

Kontni pou tout patisipan konnen

PRENSIP SISTEM OTOGRAF LA

1- Premye prensip : chak lèt ret nan wòl yo

Franse	Kreyòl
Pays	Peyi
Democratie	Demokrasi
Scie	Si

2- Dezyèm prensip: chak menm son ekri menm jan.

Franse	Kreyòl
Pin	pen
Pain	Pen
Sang	San
Sans	san
choeur	kè
Cœur	kè

3- Twazyèm prensip : nanpwen lèt ki bèbè.

Franse	Kreyòl
H abitant	Abitan
P aon	Pan
B anc	Ban

Technique**Teknik**

4- Katryèm prensip : Chak lèt se potre yon sèl grenn son

Katryèm prensip sa a soti nan 3 lòt yo. Tout 4 prensip sa yo mache ansanm. Se sa ki lakòz òtograf la regilye anpil. Se sa kif è yo di kreyòl ayisyen se yon òtograf fonolojik tandiske òtograf fransè a se yon òtograf etimolojik.

Remak

- Gen de lèt ki mande yon ti eksplikasyon. Se R ak w.
- Devan vwayèl sa yo : « an, a, e, è, en, i ». Nou kapab sèvi ak tou de selon sa nou vle di a.

Egzanp: ran, rete, ri, ra, ren. Wan, wete, wi, wa, wè.

- Men devan vwayèl o, ò, ou, on, se w pou nou itilize. Egzanp: wo, wout, wòwòl, won.

KEK KONSEY SOU OTOGRAF KREYOL LA

Se son sèlman ki gen nan yon lang. Lè yon moun ap pale, vwa li gen dwa montre si se kichòy moun nan ap deklare, si se yon keksyon y'ap poze, si se yon lòd y'ap pase. Vwa li ap chanje : li monte, li desann, li sispann, li rekòmanse. Nan ekriti, se lèt ki reprezante son. Men, gen kèk son kip a reprezante son.

1. Espas : Lè nou ap ekri, nou pa kole tout lèt yo youn sou lòt. Nou separe mo. Se pa kichòy ki difisil. Lè nou di mo a dousman, dousman, lè nou separe chak moso nan mo a, sa kapab ede nou wè kijan pou nou ekri li.

Egzanp : Pap la di : « Fòk sa change ».

2. Ti rè : gen de moun ki simen tire tout kote. Sanble pèsonn pa swiv okenn prensip kle nan mete tire. Nou mèt sèvi ak li espesyalman lè nou rive nan bout yon liy epi nou oblije koupe mo yo. Nou kapab itilize li nan kòmansman dyalòg ak mo konpoze.
3. Pwen : Siy ekriti ki pi fasil se pwèn nan fraz, pwèn entèrogasyon nan fen kesyon ak pwèn desklamasyon nan fen esklamasyon. San nou pa bliye vigil, pwèn vigil, de pwèn, pwèn sispansyon.
4. Lèt majiskil : Gwo lèt majiskil pa bezwen pa bezwen parèt lòt kote pase nan kòmansman

yon fraz epi nan kòmansman non pwòp

Evalyasyon

1. Site kèk prensip ki genyen nan òtograf kreyòl la

2. Ranpli espas ki nan mo sa yo ak r oubyen W p...a...o, ...anga, p...en, kata.... out, ...otè,...out, k...oke, z...ezo, ala... onbadè, san...ont, ka...òt.

3. Eske menm prensip ki genyen nan sistèm òtograf kreyòl la, se yo nou jwenn nan sistèm franse a. Sinon eksplike.

3. Ekri tèks seol òtograf ofisyèl kreyòl ayisyen an

Lisette quitte la plaine

Mouin perdi bonheu a moue ;

Gie a mouin semble fontaine,

Dipi moïn pas mire toue.

Le jou kan moïn koupe canne

Moin sonje zamour a moïn

Le jou quand nous koupe canne

Mwen songe zamour a moue

La nuit quand mouin dans cabane

Dans dormi mouin quinbe toue

Twazyèm pati: Vokabilè

Objektif : Itilize avèk efikasite mo yo aprann nan diferan kontèks

Dire : 8 è

Aktivite 1 : Travay an gwoup sou nosyon sa yo : kontèks, omonim, sinonim kontrè.

Kesyon : Fòmàtè a mande patisipan yo pou yo divize an gwoup.chak gwoup ap chwazi yon tèm nan tèm sa yo ki anlè a pou yo kapab travay. Aprè chak gwoup fin travay, moun rapòtè a ap pase devan pou prezante travay gwoup li a.

Teknik pou animasyon : Travay an gwoup

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Definisyon sans yon mo

Wòl kontèks

Egzanp: Pale sanyonal nan kè (mitan) pòtoprens. Misye malad ankò! Kè (tris) m fè mwen mal pou li.

Egzanp nou sot wè a montre sans yon mo depann de kontèks li. Nou kapab di se kontèks la ki ba mo a sans li. Se poutèt sa tout diksyonè apre sans la, toujou bay yon definisyon.

Kontèks laj

Tèm jeneral yo anplwaye nan yon tèks pèmèt nou chwazi, pami tout sans ki genyen yo sa ki ale a

Mo a kapab genyen yon seri sans, selon fraz oubyen tèks li ye a.

Kontèks fèmen

Konstriksyon mo nan fraz la ba li sans presi pa rapò ak lòt sans li ta ka pran nan lòt kontèks : Yon dlo fre, yon pen fre, nouvèl fre

OMONIM

- 1) Bouton chemiz li a rache
- 2) Savon ba li bouton.

Nan fraz #1 an « bouton » vle di pyès nan rad pou nou tache, aloske nan fraz #2 a « bouton » gen sans ti boul ki parèt sou po yon moun.

Egzanp: kou

1. Kou: pati ki soude tèt nou avèk pwatrin nou. Joj kite kou li nan kabann.
2. Kou :reyinyon nan yon klas kote pwofesè ap bay elèv fòmasyon. Mwen gen kou kreyòl jodi a
3. Kou: aksyon kote yon moun frape nou. Jwè a ba li yon kou dèyè jarèt.

Omonim yo se mo ki sonnen menm jan, ki ekri menm jan men sans yopa menm.

SINONIM

Mo ki gen menm klas gramatikal epi ki gen preske menm sans

Egzanp Mete, Depoze

- a) Yo mete kaye yo sou ban an
- b) Yo depoze kaye yo sou ban an

Kontrè

Se ka de mo diferan kip a gen menm sans sepandan youn kapab ranplase lòt nan yon menm kontèks.

- a) Mwen gate mont la
- b) Mwen ranje mont la

Evalyasyon

1. Chache 3 omonim pou chak mo sa yo epi ekri siyifikasyon yo avèk yon egzanp.

File – fè – efase– mi– rakèt

2. Jwenn sinonim mo say o epi mete yo chak nan yon fraz
Rich- lapèrèz - kay

Objektif : Kreye mo nan yon lang

Aktivite2 : kont randi lèkti

kesyon : Fòmataè a ap mande chak patisipan pou yo li tèks epi reponn ak kesyon sa a :
ki Pwosede yo itilize pou yo kreye mo ?

Teknik pou animasyon : Kont randi lektri

Sentèz aktivite 2 :

Kontni pou tout patisipan konnen

FOMASYON MO

Kreyasyon pa derivasyon

1. Derivasyon leksikal

Se yon mwayen ki pèmèt nou fòme mo apati yon radikal (mo rasin) mo yo.

Chouk chouke dechouke

Pale depale

Derivasyon leksikal fèt konsa: adisyon sifiks apre yon radikal

Lwanj, lwanje,

tafya, tafyatè

Wòl sifiks se fòme non, pilye, adjektif, advèb. Sètadi fòme mo kote nati yo diferan.

A- Sifiksasyon

Nou jwenn prefiks la nan kòmansman mo a. Yo pa chanje klas gramè nan ka sa a adisyon sifiks apre yon radikal : tounen detounen retounen

B- Prefiksyon :

Nou jwenn prefiks la nan kòmansman mo a. Yo pa chanje klas gramè nan ka sa a adisyon sifiks apre yon radikal : tounen detounen retounen

CH-Derivasyon pa chanjman klas gramè

Yon non kapab tounen yon adjektif

Yon pilye kapabtounen yon non.

2. Kreyasyon pa konposisyon

Règ

Nan premye ka a,

a) Nou ekri yo separeman

b) Nou kole

Pafwa de eleman fè yon sèl, men nou pa konn abitye wè youn ladan yo pou kont li nan menm kontèks,

Egzanp: Kilès, grandizè, granpanpan, elatriye

Règ

Nou fèt pou kole yo

Evolisyon lang

Eleman leksik

Souvan pou kole oswa dekole de eleman sa depann de moun ki ap ekri a selon laj li, li kapab wè bagay yon fason diferan.

Pa egzanp, moun ki te konn Charles Oscar, Louis –Jean Beauger, de mo youn ki koresponn ak siyati a... Alòske pou yon timoun dizan, li panse lè yo di chaloska sa genyen pou li wè ak moun ki degize nan kanaval la. Pou timoun nan, se yon sèl mo an majiskil.

Konsa kote y opa kole eleman yo, sa depann de sa moun nan genyen nan tèt li. Selon sa nou sò di a, pa kole yon eleman depann de sans mo a nou genyen nan tèt nou.

- a) Men machann lèt la (on machann ki ap vann lèt)
- b) Men machann lèt la (men rizèz la)
- c) Jan pran on kout ponya nan madigra (yo blese jan ak yon ponya)
- d) Jan sòt pran yon koutponya (Jan sòt plane yon bèl mont ak yon bèl goumèt pou di goud, pa egzanp)

Règ:

Chak fwa de eleman yo gen men sans, nou fèt pou nou kole.... Sa moun ki ap ekri panse de mo yo genyen yon sèl sans li kapab si li vle sèvi ak trèdinyon. Nou ekri : machann lèt (machann ki ap vann lèt), machann-lèt ou machann lèt (rizèz).

Eleman gramè

Nan evolisyon lang nan, sèten elaman gramè ap vini granmoun tèt yo. Nan ka sa a,yon fenomèn asimilasyon, oubyen modifikasyon ka pase sou plan fonetik.

Règ

Nou ekri eleman anblòk sou fòm asimile a:

Egzanp: “kou nou ye a” vini “kounouyeya” oubyen” kounya”
“kou li ye a” vini” koulyeya” oubyen “koulya”

Lè nou gen de eleman kip a pwononse menm jan men toulede gen menm sans nou separe yo ak yon trèdinyon.

Egzanp : vire-tounen sa yo se rans

Sote-ponpe zam !

On tren vin parèt, on tren konsekrasyon-lakominyon

Ou twò radyès-pèmèt !

Evalyasyon

1. Site pwosede nou itilize pou fòme mo

2. Eksplike règ pou kreye mo yo

Katriyèm pati : Gramè

Dire : 18 è

Objektif : Itilize règ fonksyònman kreyòl la pou fòmile epi analyse fraz.

Objektif pedagogik : Defini nosyon Fraz

Aktivite 1 : Brase lide (Brainstorming) sou definisyon fraz.

Kesyon : Kisa yon fraz ye ?

Teknik pou animasyon : Brase lide (Brainstorming)

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Fraz :

- a) Gwoup eleman, nan yon lang, kir antre nan relasyon pou bay yon ide ki gen yon sans.
- b) Gwoup eleman ki kòmanse ak yon lèt majiskil, ki fini pa yon pwen epi ki gen yon sans.

Egzanp : Lekòl la achte plizyè òdinatè pou elèv yo itilize.

Evalyasyon

1. Ekri kat (4) fraz nan espas vid anba a.

2. Ekri F si enonse anba yo se fraz epi PF si yon paf raz

a) moun nan pale ak mwen _____

b) Moun nan pale ak mwen. _____

ch) Elèv la avèk. _____

d) Nèg la kontan wè tout moun. _____

Objektif : Detèmine tip ak fòm fraz an kreyòl.

Aktivite 2 : Travay an ekip sou kesyon tip ak fòm fraz

kesyon :

Animatè a ap mande patisipan yo pou yo mete yo an ekip epi reponn ak kesyon ki poze sou lis fraz sa a. Men yon lis fraz :

1. Patisipan yo bwè tout ji a.
2. Ala bèl patisipan !
3. Èske patisipan yo manje deja ?
4. Bwè ji a.

1. Ki enfòmasyon nou jwenn nan chak fraz ?
2. Ki karakteristik chak enfòmasyon nan fraz sa yo ?
3. selon enfòmasyon yo, ki tip fraz nou jwen nan enonse yo ?

Teknik pou animasyon : Travay an ekip

Sentèz aktivite 2 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Tip fraz : Genyen kat (4) tip fraz an kreyòl : Deklaratif, eksklamatif, enperatif, entèwogatif.

1. **Fraz deklaratif :** Pou bay yon enfòmasyon, pou eksprime yon lide, pou enonse yon fè nou anplwaye yon fraz deklaratif. Tip fraz sa a kapab pran fòm afimatif oubyen negatif.
Egzanp : Mwen achte yon bèl machin.
2. **Fraz eksklamatif :** Tip fraz sa a pèmèt yo eksprime emosyon, santiman. Fraz kapab pran fòm afimatif oubyen negatif. Alekri se yon pwèn eksklamasyon ki nan finisman fraz sa a.
Egzanp : a) Jaklin bèl ! b) Jaklin pa bèl !
 - Mak pou eksklamasyon an se : « ala, ou kwè, enben, ... »
3. **Fraz enperatif :** Nan sipliye, nan bay lòd, nan bay konsèy nou anplwaye yon fraz enperatif. Li kòmanse ak yon predika. Li kapab afimatif oubyen negatif.
Egzanp : a) Pase lekòl la. B) Pa pase lekòl la.
4. **Fraz entèwogatif :** Pou poze kesyon, pou chache yon enfòmasyon nou anplwaye yon fraz entèwogatif. Li fini ak yon pwèn entèwogasyon. Li kapab gen fòm afimatif oubyen negatif.
Egzanp : Èske li manje deja ? Èske li pa manje ?

- Mo entèwogatif yo oubyen mak entèwogatif yo se : èske, kisa, poukisa, ki bò, ki kote, kòman, sa, ki+non : ki moun ? ki+non+ki : ki moun ki ? ...
- Pafwa fraz entèwogatif la pa gen mo entèwogatif se ton an ak pwèn entèwogasyon an kif è ou konnen se yon fraz entèwogatif.

Egzanp : Ou te ale lekòl la ?

Evalyasyon

1. Fè yon tablo, ekri nan chak kaz 2 egzanp pou chak tip fraz sa yo : youn afimatif, youn negatif.

Fraz deklaratif	Fraz eksklamatif	Fraz entèwogatif	Fraz enperatif
1-			
2-			

2. Men yon lis fraz, mete chak tip ak fòm ki konsène a

1- Apa Djo ap monte bisiklèt! _____

2- Syèl la mare? _____

3- Ki kote ou soti? _____

4- Lanmè a pa monte yèswa? _____

5- Men chèn Jak la kase! _____

6- Tanperati a pa frèt. _____

7- Bato a fèk rive bò waf la. _____

8- Kilè ou pral nan lanmè? _____

9- Ala papiyon bèl! _____

10- Gade pye mango a tonbe! _____

11- Vòlè pran radyo a ! _____

12- Jan Anèt manje soya ! _____

Objektif : Defini predika oubyen pilye nan yon fraz.

Aktivite 3 : Brase lide sou kesyon predika oubyen pilye.

kesyon :

nan fraz sa a : « Nèg la achte tè a. » ki mo si yo retire ladan li fraz la ap pèdi tout sans li ?

Animatè a ap konsidere repons patisipan yo epi li ap presize pou yo kòm sentèz : (ale nan ribrik sentè la pou fè presizyon an)

Teknik pou animasyon : Brennstòmin

Sentèz aktivite 3 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Predika

1. **Definisyon :** Predika se mo ki pi enpòtan nan yon fraz, san li fraz la pa geb sans.

Egzanp : Mariz keyi kokoye a.

Mèt Pòl avoka depi 10 zan.

2. **Idantifikasyon :** Pou idantifye predika nan yon fraz ou dwe poze de (2) kesyon sa yo :

1. Sou kiyès oubyen sou kisa yo ap pale a ?

2. Kisa yo di sou li ?

Mo ki bay repons ak dezèm kesyon an se li ki jwe wòl predika nan fraz la.

Evalyasyon

1- Nan fraz anba yo, ekri nan espas akote yo mo ki predika a.

a) Avyon an ale. _____

b) Bourik travay bay chwal galonnen. _____

c) Twòp lespri fè nèg sòt. _____

d) Anpil moun malad. _____

e) Papa mwen doktè nan lopital jeneral. _____

f) Tout elèv sou pezi maten an. _____

g) Motosiklèt la devan an. _____

Objektif : Detèmine tip ak fòm predika.

Aktivite 4 : Travay an gwoup pou detèmine tipa k fòm predika yo.

kesyon :

1. Nan fraz anba yo, souliye mo ki predika a nan chak fraz.
2. Bay nati chak mo souliye yo
 - a) Mèt la mekanisyen
 - b) Mèt la aprann mekanisyen.
 - c) Mèt la tris anpil
 - d) Mèt la isit depi yè.
 - e) Mèt la nan klas la.

Teknik pou animasyon :

Sentèz aktivite 4:

Kontni pou tout patisipan konnen

Fòm predika : Mo yo plirifonksyonèl, selon kontèks la, li fasil pou yo chanje kategori gramatikal kidonk yo kapab tounen predika. Se konsa, predika genyen plizyè fòm :

- **Predika vèbal :** Machin nan kraze.
- **Predika nominal :** Michèl mekanisyen
- **Predika adjektival :** Lakrè a blanch
- **Predika advèbyal :** Dyaspora yo isit.
- **Predika gwoup prepozisyonèl :** Jan sou machin nan.

Tip predika : Yon pilye kapab ekspri yon aksyon : li montre aktivite oubyen yon eta : li pa montre aktivite. Lè sa a nou pale de tip predika.

Egzanp : a) Zwazo a ap soufri (**predika eta**)

b) Elèv la ap siye tablo a. (**predika aksyon**)

Evalyasyon

1. Ranpli tablo sa a ak tip ak fòm predika ki konsène a

Fraz	Predika	Tip predika	Fòm predika
1. Jan ekri yon lèt.			
2. Timoun yo kontan			
3. Elèv la nan mache a.			
4. Pwofesè a isit.			
5. Tifi a enfimyè.			
6. Mariz aprann avoka			
7. Dife a wouj			
8. M'ap travay demen maten			
9. Tablo a adwat			
10. Nou nan sezon siklòn			

Objektif : Mete ponktyasyon nan fraz, tèks.

Aktivite 5 : Ekspoze-Deba sou itilizasyon siy ponktyasyon

Kesyon : Poukisa nou sèvi ak siy ponktyasyon yo ?

Teknik pou animasyon : Ekspoze-Deba

Sentèz aktivite 5 :

Kontni pou tout patisipan konnen

PONKTYASYON

Ponktyasyon an estriktire fraz la. Pami siy ponktyasyon yo nou jwenn :

Pwen (.) montre fraz la granmoun tèt li. Ou obsève yon bon poz ; lè ou di fraz la

Egzanp : Direktè a sonnen. Elèv yo antre nan klas.

Pwen vigil (;) montre genyen yon relasyon ant de fraz li separe yo. Ou obsève pi piti poz pase pwen an.

Egzanp : Direktris la sonnen ; elèv yo rantre nan klas.

Si pou pwen an, ou bezwen yon majiskil, pou pwen vigil ou pa bezwen.

Vigil pèmèt ou izole non fraz la.

Pou vigil ou obsève yon ti poz :

Egzanp: Maten an, mwen kite lakay mwen a sizè.

Li pèmèt ou retire konfizyon ki ka genyen nan yon fraz: separe tèm yon enimerasyon :

Egzanp : Tifi a bèl, janti, chèlbè.

Ponktyasyon pote sans tou.

Pwen eksklamasyon ak **pwen entèwogasyon** (!) (?) montre jan nou di yo a entèwogasyon dirèk ak eksklamasyon. Lè li finisman yon fraz, lòtki vini apre a, premye lèt la dwe an majiskil. Si li nan mitan, pa genyen majiskil.

De pwen yo (:) : ou mete gimè (« ») ak li pou foure diskou dirèk nan resi a.

De pwen yo sèvi tou pou anonse pou prezante yon tèm yo anonse (enimerasyon)

Li mete aksan sou yon rapò koz ak konsekans.

Gimè yo (““”) pou izole yon tèm otè a size ak li pou montre fraz la pa fini, oubyen li koupe...

Paske naratè vle ou devine sa li pral di a.

Konpare:**Parantèz** prezante eleman an kòm mwen enpòtan (sekondè) Ebinis (ebenis) Manyòk (manyòk)

1- Lòt siy ki pote enfòmasyon

Apòstwòf: Li montre yon lèt (yon son) ki disparèt

Mwen, ou. Li, nou nou, yo m' ou, l' n' y'

Ki (k'). te (t'). pa (p')

Majiskil

Nou mete yon majiskil nan kòmansman fraz ou nan kòmansman chak vè pwezi, non pwòp diferan de non komen ak lèt majiskil. Ayiti, nèg

Nou mete majiskil nan tit, nan kòmansman premye non.

Evalyasyon

Jwenn ki bon pwen pou nou mete pou nou fini fraz

- 1.- Ala lanmè a bèl aswè a _____
2. Eske ou te jwenn kay la san pwoblèm _____
3. Yo ban nou salon an vandredi a _____
4. Mwen pa konn sa pou m' panse nan tout sa _____
5. Atansyon, penti _____
6. Ban mwen yon dlo byen vit _____
7. ki tout bri sa yo nan pyès kay la _____

Objektif : Idantifye wòl prepozisyon nan fraz

Aktivite 6 : Brennstòmin sou mo prepozisyon

Kesyon : ki wòl prepozisyon yo jwe nan fraz la ?

Teknik pou animasyon : Brase lide (Brainstorming)

Sentèz aktivite 6:

Kontni pou tout patisipan konnen

Prepozisyon

Sa nou dwe konnen

-Prepozisyon se mo gramè yo ye. Wòl yo se mare mo nan yon fraz, montre fonksyon yo genyen.

Fraz : Timoun nan klas pa vle jwe ak mwen nan rekreyasyon.

Se pa ak prepozisyon sèlman yo make fonksyon mo ki fè yon fraz: pozisyon eleman ak sans mo yo kapab montre nou fonksyon yo okipe.

Ki wòl prepozisyon

A – Prepozisyon yo la pou make fonksyon mo fraz la.

Fraz : vè senkè papa vini chèche li devan lise a.

Nou dekouvri de prepozisyon ki make yo chak fonksyon yon mo oubyen yon gwoup mo vè : Montre fonksyon lise a ; konpleman sikonstansyèl ki montre kote (lye)

Twa (3) Prepozisyon sa yo se endikatè fonksyon yo ye. Tout twa yo relye mo e yo endike fonksyon pa rapò ak pilye fraz la.

Men kèk prepozisyon:

Ak, anwo, apre, devan, avèk, deyè, deyò, depi, nan, pandan, kole, san, sou, pou, pami, anvan, anba, selon, bò,

Evalyasyon

1. Bay ta (3) prepozisyon epi mete yo chak nan yon fraz.

2. Fè yon fraz avèk chak prepozisyon say o: sepandan, deyò anba, sou.

1. _____

2. _____

3. _____

4. _____

Objektif : Idantifye wòl advèb yo nan fraz yo.

Aktivite 7 : Brennstòmin sou kesyon advèb yo

kesyon : ki wòl advèb yo nan fraz ?

Teknik pou animasyon : Brennstòmin (Brase lide)

Sentèz aktivite 7 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Advèb

Sa nou dwe konnen

Advèb yo se yon seri mo ki pa gen menm fòm, menm wòl, menm konpòtman

Divèsite wòl : advèb yo kapab modifye (nèt, presize, determine) sans Divèsite fòm nou jwenn mo tankou : isi (t), erezman, yè, ase ...

Divèsite wòl

Yon **pilye** : Li dòmi mal.

Yon **adjektif**: yon trè bèl jounen.

Yon **lòt advèb**: Li vini trè souvan

Yon **pwopozisyon an antye**: erezman, lapli pa tonbe depi yon senmenn

Klasman advèb yo dapre sans yo:

- 1- Advèb manyè: Dousman, vit, rapid, mal, byen...
- 2- Advèb kantite: ase, twòp (two), anpil...
- 3- Advèb tan: yè, demen, (denmen), jodiya, kounyeya
- 4- Advèb de lye: anwo, dèyè, deyò, anba.
- 5- Advèb negasyon: pa, non plis, jamè, janm...

Evalyasyon

1. Bay ta (3) advèb epi mete yo chak nan yon fraz.

2. Fè yon fraz avèk yon:

Advèb manyè _____

Advèb lye _____

Advèb negasyon . _____

Senkyèm pati : Pwodiksyon ekri

Dire : 14 è

Objektif : Distenge epi ekri diferan tip tèks

Objektif aprantisaj :

1. Idantifye diferan tip tèks yo
2. Redije diferan tip tèks

Aktivite 1 : Ekspoze fòmata a

konsiy : Fòmata a ap eksplike patisipan yo karakteristik tip tèks ki anba yo. Li ap fè sa sou fòm deba. Sa vle di li ap itilize yon ekspoze-deba. Tout patisipan yo dwe pran lapawòl.

Etid tèks

Etid teks, se yon egzesis fondamantal nan pwosesis devlopman entelektyèl. Yon tèks se yon rasanbleman de mo ki gwoupe ansanm ki tradui yon lide e ki di yon bagay. Li kap yon paragraf oubyen plizyè paragraf, yon desen, yon imaj men ki gen yon sans; sa vle lè w gade l'sa di w' yon bagay.

Yon moun k'ap ekri, pou l'ekri fòk li gen dabò yon pwojè. Pwojè sa a rele ekriti. Ekri vle di pwodui yon tèks ki gen yon sans, ki itil, adapte ak yon sitiyasyon byen korèk. N'ap idantifye plizyè tip tèks :

Tèks deskriptif

Yon otè kapab kapab pwodui yon teks pou anpil rezon. Li kab dekri

- a) Yon moun y'ap chache ki te pèdi oubyen ki te disparèt (kidnape)
- b) Yon machandiz, yon byen (kay, machinaparèy) lè yo bezwen vann li.
- c) Yon bèt, yon imaj pou konpoze powèm
- d) Pou sitiye kad yon resi.
- e) Pou bay ransèyman (enfòmasyon) sou yon pèsonaj nan yon resi, sou yon objè (detay sou karakteristik yo)
- f) Pou reyisi fè yon atik nanansiklopedi, nan jounal, pou elabore yon manyèl, kèlkonk. Teks dekritif la reponn ak yon entansyon, ak yon pwojè ekriti, ak enterè moun k'ap li a. Konsa, ou kab dekri pou bay enfòmasyon, eksplikasyon, akselerasyon, pou rechèch, pou kritike, etc.

Ekri, se oganize reyalite sa w ap dekri a nan espas tankou yon atis pent k'ap ranje espas twal l'ap travay la. Espas yo se pozisyon, se dimansyon, se wotè, se volim, se gwochè yo.

Tèks Eksplikatif

Pafwa, tèks sa yo, se repons yon kesyon. Objektif tèks sa a, se rann aklè sa ki pa t'klè, rezoud yon pwoblèm poze pa yon fenomèn. Parezanp : eksplike sa k' fè yon machin mache, sa k' fè yon avyon rete anlè a.

N ap souliye 3 pati enpòtan nan tèks sa yo :

- a) Yon pati kote w'ap poze pwoblèm nan. Donk se entwodiksyon an. Li pèmèt ou sitiye pwoblèm nan. Li kab gen de eleman: yon konstataasyon ak yon kesyon.
- b) Yon pati santral kote w 'ap ekspoze pwoblèm lan, prezante yon seri de kòz, ipotèz k'ap pèmèt ou jwenn solisyon a pwoblèm nan.
- c) Dènye pati a se li ki fèmen demach eksplikatif la epi raple sous pwoblèm ou sòt rezoud la.

Tèks Naratif

N'ap idantifye de sistèm tan nan tèks naratif yo :

- a) Tan aktyèl (diskou)
- b) Tan resi a (istwa)

Premye a koresponn a moman ekriti a, moman evènman yo ap dewoule a.

Nan dezyèm nan, moman ekri a pa koresponn a moman evènman yo ap pwodui.

Tèks Enjonktif

Tèks enjonktif la itilize resous tankou: tit, soutit, imaj, nimewo, kolò ankadreman, chema, fòm ak gwochè lèt yo. Donk tout egzesis lekti obligè yon pwojè lekti. Anvan w antre an detay nan yon lekti, pa bliye kesyon say o:

Sous tèks la, ki tips de tèks li ye, kiolès ki ekri l', pou kilès li ekri l', Nanki entansyon yo ekri l'.

LET

Nenpot tip let n'ap ekri a, li enpotan pou nou ekri dat la ak kote (vil) nou ye le n'ap ekri let la. Le n'ap fini yon let, nou dwe itilize fomil poli oswa afektif. Fomil sa a depann de relasyon (zanmitay, konesans, pesonalite enpotan ...) ou genyen ak moun ou ap ekri a tankou :

- pandan m'ap espere yon repons pozitif mwen pwofite salye ou.
- mwen salye ou epi ou met konte sou mwen.
- mwen ba ou asirans, mwen p'ap fe ou wont.
- Zanmi ou, pitit cheri ou a. .

Pa bliye, toujou siyen let la, le nou fini

Teknik pou animasyon :

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Sentèz

Pou fini, ekri yon teks vle di yon pwodiksyon ki gen yon sans, yon itilite, ki vize yon lekte epi ki adapte a yon sitiyasyon.

Gen plizye tipoloji ekri

- 1) Ekri pou fe echanj, pou komite.
- 2) Ekri pou montre pou dekri.
- 3) Ekri pou rakonte yon fe, yon evenman enpotan.
- 4) Ekri pou bay enfomasyon, pou chache fe konprann, pou konvenk
- 5) Dyalog, pwezi.

Objektif : Idantifye tip tèks yo

Aktivite 2 : Travay an gwoup sou idantifikasyon tip yon tèks

Kesyon : Mande patisipan yo pou yo mete yo an gwoup epi reponn ak kesyon sa a : Jwenn tip chak tèks sa yo

Teknik pou animasyon : Travay an gwoup

Tèks yo

I.- Lapwent nan Jeremi

Petyon se moun Jeremi. Li ap viv nan zon nan epi se la li ap travay. Kom pwofese. Se pou tet sa anpil moun rele li met Petyon. Yon jou, **pandan** li ap pase sou ri bodme a, li vire agoch li gade, epi li we Lapwent.

Lapwent la se tankou yon waf, men yon waf natirel. Se pa kretyen vivan ki fe l'. Se yon gwo pwent te ki antre nan lanme a (sa nou ta rele yon gof). Men bel kote ! Gen pye kokoye ki sou Lapwent la, gen menm yon kyos ki jwe mizik.

Petyon file lapwent, genyen yon briz k'ap pase nan pye kokoye yo. Met Petyon ap mache, li mache, li pase, li kontinye jis li rive nan pwent la net devan lanme a. Lalin nan kanpe nan syel la tankou kont la di : « yon grenn barik lacho blanchi lanme ». Briz ap pase nan pye kokoye yo epi yo kanpe tankou yon bann jeyan ki mete men yo devan fontenn tet yo pou yo gade ki bato k'ap antre nan rad la. Syel la ble, zetwal yo kanpe toupatou.

Sa nou kwe a se pa sa

Pafwa le nou bezwen di yon moun li pa pwop, premye bagay ki pase nan tet pou nou di li se « Kochon ». Poutan, si « nou te konnen zannimo sa byen, nou pa we li malpwop ditou.

Nou panse li pa pwop paske li benyen nan labou. Enben, le li woule nan labou a se paske li ka jwenn freche, imidite epitou li ka pwoteje tet li kont tout bet. Po li sansib anpil, le bet pike l', li santi l' menm jan ak moun. Le labou a sek, li tonbe ak ni pis ni pou ki ta nan plim li yo. Anplis de sa, menm si kochon renmen benyen nan labou, li paf e bezwen li nanakote li dòmi an.

Se yon bet ki entelijan anpil. Le li pran sant yon bagay, li ka fouye ak bouch li jis li jwenn li, menm si li anba tè. Li ka fe anpil bagay. Nan lòt peyi, yo aprann li ouvri pòt, peze pedal pou jwenn dlo pou l' bwè.

Kochon se yon bet ki itil. Vyann li gen bon gou. Yo manje l' dives fason. Sanli sevi pou fe bouden. Pwal di sou poli o svi pou fè bwès tèt. Kwi kochon sèvi pou fè bel valiz ak soulye.

An Ayiti, kochon pa koute che pou gade paske yo pa bezwen twòp espas epi yomanje tout bagay. Anplis, se yon bet ki rapote anpil. Nan yon ane, yon manman kochon ka fè de pote pitit. Chak pote yo ka gen ant disa genz pouso. Li pote yo kat mwen nan vant. Pouso yo gwosi vit. Se pou chak se pou sa yo ka vann yo byen bonè oswa touye yo pou vann vyann yo. Vyann kochon bay anpil benefis. Nou ka konprann poukisa yo di kochon se bwat sakre peyisan aysyen.

Yasè Arafat

11 novanm, prezidan peyi Palestin nan, Yase Arafat (Yaser Arafat) ki gen 75 lane sou tèt li mouri nan, vil Pari nan yon lopital militè. Jis jounen jodi a dokte Arafat la pa janm di ki maladi ki touye l'. Arafat se lidè istorik pèp palestinyen an. Se li menm ki te fonde OLP (oganzasyon pou Liberasyon Palestinyen). Se sèl vwa sa a pèp palestinyen an te tandè. Pandan 40 an Arafat te toujou rete yon senbòl nan lit palestinyen an. Lanmò Arafat mete zòn pwòch Oryan an nan gwo tristès. Antèman defen an te chante vandredi 12 Novanm nan peyi Lejip nan legliz mizil man yo (moske). Anpil gwo chabrak te patisipe nan antèman sa a. Yo te transfere kadav la nan peyi Palestin pou yo te ka antere l' nan Moukata (Mouqataa) ki se katye jeneral Arafat. Se la lame Izrayelyen yo te oblije l' rete pandan twa denye ane yo. Lanmò chèf palestinyen an te fè anpil gwo reyaksyon nan lemond antye. Nan Gaza plizyè milye moun te pran lari kote yo t'ap tire anpil kout zam epi yo t'ap boule kawotchou. Nan peyi Izrayèl kote yo te konsidere Arafat kòm pi gwo lenmi lapè, premye minis Sharon kwè apre lanmò li a, fòk yo pran nouvèl dirksyon pou lapè ka reye ant de peyi sa yo. Anpli lòt peyi kwè tou nan nesite ki genyen pou yon solisyon pasifik nan lagè ki genyen ant Palestin ak Izrayèl.

Ranje nan lòd gwoup fraz sa yo pou fòme yon tèks

Mwen ap mande ou yon sevis. Mwen konnen pou jan ou renmen mwen, fok li ta enposib selman pou ou refise mwen sa.

Matant mwen,

Ekri mwen, Nennenn, pou mwen konnen si mwen ap kapab vini pase vakans la ak ou.

Salye lot moun yo pou mwen.

Kouman ou ye ? Mwen panse ou byen. Bo kote pa mwen, mwen ap viv an sante epi mwen ap travay pou mwen bay bon resilta lekòl la.

Tanpri, Nennenn, fe rev mwen an tounen yon reyalite. Fen ane sa a mwen ta vini vizite Nouyok. Mwen pwomet ou déjà, mwen pral fe yon gwo jefo pou mwen pami 10 premye ki nan klas la.

Fiyel ou renmen ou anpil.

Eleman didaktik kreyòl

Premye Pati: Planifikasyon kou ak entèvansyon pedagogik

Dire : 30 è

Objektif : Defini didaktik ak kèk konsèp yo itilize nan ansèyman lang

Aktivite 1: Brase lide sou sou didaktik ak kèk lòt konsèp

Kesyon :

1. Kisa, selon ou menn, mo didaktik la vle di ?
2. Ki diferans ou kapab fè ant didaktik, pedagoji, metòd, metodoloji?


Teknik pou animasyon : Brennstòmin

Sentèz aktivite 1 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Didaktik

Gérard Vergnaud defini konsa : Etid pwosesis ansèyman-aprantisaj ki gen relasyon ak kontni. Definisyon pèmèt nou pale de triyang li de pedagoji ki enterese didaktik la ki genyen twa eleman sa yo ladan li :



Konsa, nou kapab pale sou rapò:

- Mèt la ak savwa: Kisa pou mèt la anseye? Atravè ki pwogram? Ki liv? (Adaptasyon nivo klas? Metodoloji? Objektif?)
- Elèv ak savwa: Elèv la pa dwe konsidere tankou yon tonbo vid (tabula rasa). Li konnen anpil bagay.
- Mèt ak elèv: Relasyon mèt ak elèv la dwe sikolojik. Dwe genyen yon antant ant mèt la ak elèv la nan fason klas la òganize.

Didaktik se yon syans otonòm ki enterese ak aspè teyori aktivite ki ap pase anndan klas la. Otonòm, paske li diferansye li de pedagoji ki enterese sitou ak pratik sa ki ap pase nan klas la. Didaktik la fè diferans tou ak lengwistik aplike ki okipe zafè aplikasyon lengwistik nan ansèyman lang. Didaktik genyen bon jan relasyon ak lòt syans tankou lengwistik, sikoloji, sosyoloji, etc...

Nan liv (Histoire des methodologies de l'enseignement des langues, C.Puren, Clé Internationale 1988) nou kapab konsidere definisyon konsèp sa yo:

1. **Metòd:** Nan didaktik lang, nou kapab pale de metòd nan twa (3) nivo diferan :

Premye nivo: Diskou espesyalis ak lòt espesyalis: atik ak liv ki pale sou kòman yo anseye ak aprann lang segonn (L₂). Gid pedagogik, liv mèt la: Liv ki bay mèt la eksplikasyon sou fason li dwe sèvi ak liv elèv la.

Dezyèm nivo: Diskou didaktisyen (espesyalis yo) pou elèv yo men pa mwayen pwofesè yo. Egzanp liv elèv yo.

Twazyèm nivo: Diskou mèt la/elèv yo. Se diskou ki fèt anndan klas la. Diskou mèt-elèv ki obsèwab nan ansèyman-aprantisaj lang.

2. **Metodoloji:** Etid rezonè metòd ak manyèl (liv yo). Nan ka sa a, nou kapab pale de metadiskou (refleksyon sou diskou a menm). Li plase li nan nivo siperyè metòd la. Pafwa nou konn itilize metòd nan plas metodoloji.

3. **Pedagoji:** Pedagoji a fè referans ak sa ki ap pase anndan klas la. Li fè referans tou ak diskou ki kapab pèmèt aprantisaj lang etranjè yo.

Evalyasyon

1. **Defini konsèp sa yo :**

Didaktik : _____

Pedagoji : _____

2. Fè diferans ant :

Metòd ak Metodoloji : _____

3. Pedagoji ak didaktik :

Objektif : Diferansye diferan objektif pedagogik yo

Aktivite 2: Ekspoze fòmatede a pou eksplike diferan objektif pedagogik yo

kesyon :

1. kisa yon objektif ye ?
2. Etabli diferans ant diferan objektif yo itilize pou fè aprantisaj ?

Teknik pou animasyon : Ekspoze-deba

Sentèz aktivite 3 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Itilizasyon pwogram detaye yo

Pwogram etid yo se dokiman pedagogik ofisyèl epi obligatwa ki genyen ladan li yon ansanm estrikti objektif ak kontni aprantisaj oubyen aktivite ki genyen rapò ak pwosesis ansèyman-aprantisaj pou yon nivo (klas) byen determine. Pwogram bay preskripsyon sou kòman mèt yo dwe pou suiv objektif yo. Pami objektif yo nou kapab site:

1. **Finalite:** Yon seri prensip kote yon sosyete oubyen yon group sosyal idantifye epi veyikile vale li yo. Li bay gran liy ki pou dirije yon sistèm edikatif ak fason pou bay diskou sou ledikasyon (leta).

Egzanp ———> Fòm sitwayen onèt ki respekte règ sosyete a table epi ki kapab patisipe nan devlopman peyi a.

2. **Bi:** An prensip se yon deklarasyon ki bay entansyon yon enstitisyon, yon òganizasyon pa mwayen yon pwogram oubyen yon aksyon fòmasyon (lekòl).

Egzanp ———> Vini yon bon sitwayen.

3. **Objektif jeneral:** Ide ki dekri sou fòm konpòtman sa moun ki ap aprann nan dwe konnen nan finisman yon aprantisaj (mèt la).

Egzanp ———> Konnen tout konnen prejidi la.

4. **Objektif espesifik:** Ide ki dekri sou fòm konpòtman moun kapab obsève sa elèv la dwe konnen nan finisman kou a (elèv).

Egzanp ———> Klase tout ilustrasyon konsèp prejidi la.

Evalyasyon

- 1. Etabli diferans ant objektif espesifik ak objektif jeneral.**

- 2. Ekri senk (5) objektif espesifik**

- 1.** _____
- 2.** _____
- 3.** _____
- 4.** _____
- 5.** _____

Objektif : Itilize pwogram detaye yo

Aktivite 3 : Travay an gwoup sou itilizasyon pwogram yo

Kesyon :

Kòman nou dwe itilize pwogram yo ?

Animatè a ap mande patisipan yo pou yo mete yo an gwoup pou lekti pwogram detaye ministè a li ap distribye. Rapòtè nan chak gwoup ap vini prezante travay yo. Animatè a ap fè sentèz la aprè prezantasyon chak gwoup.

Teknik pou animasyon : Brennstòmin

Sentèz aktivite 3 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Pwogram detaye yo prezante sou fòm sa a:

Objektif espesifik	Eleman kontni	Pwopozisyon aktivite ansèyman-aprantisaj	Evalyasyon
1. Repwodui konbinezon son ou tande	1.1 Konbinezon son avèk y ak w	1.1.1 Pwofesè a ap dikte plizyè mo ki genyen son Y: bouyon, miyò, Ayiti. Mande elèv yo pou yo konplete silab sa yo pou fòmè mo: Bou → bouyon Pa → pay	Mande elèv la pou pwodui mo ki genyen son Y ladan li.

3.4 Evalyasyon aprantisaj elèv yo

Evalyasyon pedagogik aprantisaj elèv se potò mitan pwosesis ansèyman-aprantisaj la. Li genyen pou bi:

- Amelyore desizyon ki genyen relasyon ak aprantisaj timoun yo.
- Pèmèt mèt la pote jijman sou kalte aprantisaj la.

Evalyasyon pedagogik la kapab pran fòm sa yo:

-**Evalyasyon fòmativ** la pèmèt mèt la chache konpreyansyon elèv yo, verifye si mesaj la pase.

-**Evalyasyon somativ** la pèmèt mèt la pote jijman sou degree reyalizasyon aprantisaj yon an yon pwogram. Li pèmèt mèt la konnen si elèv la kapab ale fè klas siperyè a.

Evalyasyon

- 1. mande patisipan yo pou yo chache yon objektif anndan pwogram ki nan menm la.**

Objektif: Planifye epi elabore yon fich leson

Aktivite 4: Ekspoze fòmàtè a ak Travay endividyèl patisipan yo

Travay endividyèl : Elabore yon fich leson sou yon nan nosyon nou te etidye yo.

Teknik pou animasyon : Ekspoze / travay endividyèl

Sentèz aktivite 4 :

Kontni pou tout patisipan konnen

Planifikasyon ansèyman-aprantisaj yo

Planifye yon sekans ansèyman-aprantisaj fè mèl la obligasyon pou li poze tèt li kesyon sa yo:

1. Poukwa? Chwazi objektif yo
2. Sou kisa? Kontni yo
3. Kòman? Estrateji aprantisaj yo; aktivite yo;
Òganizasyon elèv yo; òganizasyon espas la
4. Avèk kisa? Materyèl mèl la ap bezwen
5. Kijan sa te pase? Evalyasyon fòmativ pou verifye si kou a te pase oubyen non.

Preparasyon leson

3.5.1 Kòman prepare yon leson?

Yon anseyan gen yon tach ki esansyèl: mete an plas sitiyasyon pou elèv yo aprann, fè rechèch, reflechi, entèprete ak konstui. Preparasyon leson an fondamantal pou tout anseyan ki vle fè aprantisaj. Pou rezon sa a, yon mèl ki ap prepare leson lid we:

1. Konnen elèv li yo: laj yo; nivo ak rit aprantisaj yo
2. Metrize kontni matyè yo ap anseye a.
3. Detèmine materyèl ki nesèsè pou fè pase kou a.
4. Poze tèt li kesyon tankou:

A) Ki konpetans mwen swete devlope lakay timoun yo

b) Ki aktivite ki ap pèmèt mwen fè sa?

Ch) Ki jan mwen pral òganize timoun yon an klas la?

-ansanm (kolektif)? An gwoup? An atelye? Pou kont li (endividyèl)?

5. Jere tan li pou pèmèt genyen disiplin pandan dewoulman leson an.

6. Prevwa yon evalyasyon epi poze tèt li kesyon sa yo:

- Kisa elèv sa yo aprann?
- Eske aktivite yo adapte ak realite elèv yo ap viv la?

Preparasyon leson an pèmèt pwofesè a pa fè enpwovizasyon, pèmèt mèt la gen asirans nan entèkansyon li yo epi pote koreksyon si nesè.

3.5.2 Konsepsyon yon fich leson

Pou fè konsepsyon yon fich leson, anseyan dwe fè konsiderasyon sou tout pwèn anba yo ki prezante sou fòm yon fichye:

1. Nivo: klas la
2. Disiplin: kominikasyon kreyòl
3. Tèm
4. Objektif leson an
5. Òganizasyon elèv yon an klas la
6. Dire leson an
7. Materyèl
8. Dewoulman leson

3.5.3 Konsèy pou dewoulman yon leson

Pou kapab gen yon bon jan amonizasyon nan prezantasyon yon leson, mèt la dwe pran an konsiderasyon eleman nou pral site anba yo. Demach sa a nou pral pwopoze a kapab modifiye selon leson an.

(Extrait du "Guide d'utilisation des nouveaux programmes" (IPN-MENJS))

Nan ka sa a, genyen senk etap ki fè lesansyèl pou dewoulman leson ak yon sizyèm ki fakiltatif.

1-Mizantren (derapman)

2-Dekouvèt

3-Fiksasyon

4-Sentèz

5-Evalyasyon

6-Pwolonjman (fakiltatif)

1.- Kisa **mizantren** an ye?

Se etap ki pèmèt mèt la mete elèv yo sou travay. Mèt la kapab itilize plizyè mwayen pou li fè li: yon blag,chanson, kontin, dialog sou yon sijè byen determine,yon istwa,rapèl sou yon leson ki pase déjà. Mizantren an pa dwe long. Li dwe genyen rapò ak objektif leson an epi se entwodiksyon etap ki vini aprè li a: dekouvet la.

2.-Dekouvèt? Mèt la dwe mete elèv le nan sitiyasyon pou li fè yon **obsèvasyon dirèk** (imaj, desen, fraz, tèks). Mèt la dwe apwofondi dekouvet la ak **kesyon** li ap poze yo. Nan dekouvet la genyen de aspè kle:**obsèvasyon** ak **entèwogasyon**.

3.-Fiksasyon:Etap sa enpòtan anpil anpil. Se nan faz sa aprantisaj la dwe fèt. Mèt la dwe mete elèv la nan sitiyasyon aprantisaj pa mwayen kesyon, aktivite pou aprann,egzèsis ak tout lòt aktivite ki kapab pèmèt elèv la aprann.Echèk etap sa a se echèk tout leson an.

4.-Sentèz:Sentèz la pèmèt mèt la fè yon rezime sou lesansyèl nan aprantisaj ki soti fèt la. Mèt la kapab itilize entèwogasyon pou li fè oubyen nenpòt pwosede.

5.-Evalyasyon:Evalyasyon pèmèt ou verifye si objektif espesifik ou te vize a atenn. Li pèmèt ou chèche konpreyansyon, verifye si elèv yo konprann. Se sa nou rele **evalyasyon fòmativ** la. Evalyasyon somativ la se evalyasyon mèt la fè nan finisman yon kontwòl, yon sesyon.

BIBLIYOGRAFI

Bajeux, J.C. 1999, *Methologie de la literature créole*, Ed Antilia

Demero, V. *Lang kreyòl didaktik e metòd*

Graphy, F.J. *Initiation à la linguistique*

Lebrun, M. 1998. *Les apports de la linguistique à la didactique du français*. Montréal Gaétan

Morin Editeur

Lemèt, Z. 2008. *Pwoblèm pawòl klè nan lang kreyòl*. Editions de l'université d'état d'Haïti

Pompilus, P. 1976. *Contribution à l'étude comparée du créole et du français à partir du créole haïtien : Morphologie et Syntaxe* Editions Caraïbes

Puren C., 1988. *Histoire des methodologies de l'enseignement des langues*, Clé Internationale

Vernet, P. 1985 *Techniques d'écriture du créole haïtien*

MENFP, 1998. *Programmes détaillés du ministère de l'éducation nationale et de la Formation Professionnelle*